



Pwogram pou  
Timoun ak  
Jèn ki gen  
Bezwen Swen  
Sante Espesyal

**NYC**<sup>TM</sup>  
Health

Nou bay sèvis pou timoun ak jèn adilt (ki gen pou pi plis 21 lane) ki:



- Ap viv nan yon minisipalite Vil New York (NYC)
- Te gen dyagnostik yo fè pou li oswa li kapab genyen yon maladi grav oswa kwonik oswa yon andikap, oswa yon kondisyon fizik, devlopmanal, entèlektyèl, emosyonèl oswa konpòtmantal
- Bezwen swen ak asistans adisyonèl

**Referans:** Pèsonèl la refere fanmi ki gen timoun ak jèn ki gen bezwen swen sante espesyal yo bay Konseye ki Sètifye nan Zafè Aplikasyon nan Depatman Sante ak Ijyèn Vil New York la. Konseye ki Sètifye nan Zafè Aplikasyon yo ede fanmi yo aplike pou asirans sante ki bon mache oswa gratis epi li konekte yo ak resous kominotè selon bezwen medikal inik chak timoun genyen.

**Sèvis Enfòmasyon:** Manm pèsonèl yo ede fanmi yo jwenn enfòmasyon sou opsyon ak sèvis swen sante ki ka reponn ak bezwen pitit yo pi byen.

**Resous:** Manm pèsonèl yo bay materyèl edikasyon ak resous sou entènèt konsènan asirans sante ak sijè medikal.

Pou jwenn plis enfòmasyon, eskane kòd QR la, ale sou [nyc.gov/health/children-youth-special-health-needs](https://nyc.gov/health/children-youth-special-health-needs), oswa rele **311** oubyen 347-396-4600.

Pwogram lan jwenn finansman nan men Depatman Sante Eta New York la, ki itilize finansman federal Tit V Administrasyon Resous ak Sèvis Sante a. Opinyon yo, rezilta yo, konklizyon yo ak/oswa entèpretasyon kontni ki anndan mesaj sa a tonbe anba responsabilite Travayè Endepandan an epi yo pa nesèsman reprezante opinyon, entèpretasyon, oswa politik ajans finansman federal la oswa Eta a.